ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№196 (21.354) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

КъэкІуэнум фІыкІэ сыщогугъ

***УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьэри, 2005 гъэм фокІадэм и 28-м КЪР-м и Іэтащхьэм и къулыкъум Къанокъуэ Арсен ягъэуваУ щытащ. Абы льандэрэ блэкІа илъэсищым кьрифыдэу республикэм къыщылъхьа зэхьуэкІыныгъэхэм, зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм, зэкІэ зыпэмыжьэщауэ щыІэ Іуэхухэм техуэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и интервьюр.**

- Илъэсищ ящэкІэ уэ бизнес иным зэуэзэпсэу урыхьуэкІри политикэ лэжьыгъэхэм ушрыуваУэ щытащ. Абы пыщІауэ уи дуней епГыкІэм, щыхухэм уаэзэрыхущытым зыгуэркІэ зихьэжьауэ зыхэпшІэрэ?

- А псори зэгъэзэпсэу къэхъуа Іуэхуу жыпІэ хъуну къыщІэкІынкъым. И мыхьэнэр щыкІыным Къэрал Думэм щечлэжьа лэжьыгъэм, ар щІыналъэм и унафэщІым ирихьэкІ Іуэхухэм хуэдэу щэщІауэ мыгугъуми. Зэрыгурыуэгъэщи, си ныбжьым тещІыхьауэ сэ си дуней епГыкІэмрэ щІыхухэм саэзрыхущытымрэ егъэлеиуэ захъуэжакъым. Ауэ блэкІа илъэсищым кьрифыдэу си лэжьакІэмрэ си зэхэщІыкІымрэ щІэзыкъом къыхэзрыхьыкьари жыІэпхъэщ. Сэ властым и Іэнатім сыщІипэрымытми жысІэу щытащ, иджыри сибзыщІыркъым унафэщІхэм я къаІэныр щІыхухэр жыдІэрагъым хуэзщІагъэуІэуну, творческэ лэжьыгъэм хуаунэтІыну зэрыларар.

- Уэ уи щхьэкІэ узэрыщыгугъам хуэдэу къыпхущІэкІа блэкІа илъэсищыр?

- ГъащІэр зыхуэдэнур зэлъытар езы щІыхухэрщ, езыр-езыру зыри дунейм къыщІыхьуркъым. УкІэтыплъкІэ е ущІэхъуэпскІэ зыми зыри къыпхуридзыхьнукъым. Ар дэтхэнэ зы щІыхуми кьыгурыІуэу щытын хуейщ. Совет Къэхъэнэм щІыхуэм жэрдэм пыухыкІа иехэмыльу, ахэр куэдымкІи мащІэмкІи къэралым щыгугъыу къыщІэрекІуэкІам и зэранигъэ дэ псоми нобэм къэс кьыдокІ. Псым дыхьэмыхьэу бдзэжьей тІшхыну ди мураду зэрекІуэкІар иджыри ди Іыым хэтщ. Ауэ ар зэуэзэпсэу пхузыхэмынэ икІи пхузмигъэкІуэдэ хьэпщ. Ди щІыхуэм гъэмыгъэм зыщІадзэиркъым, хьэрычэт яхэлъщ, абы кьыхэкІыу сэ ди къэкІуэнум фІыкІэ сыщогугъ. АтІэмй а псалъэхэм щІыхьэт текІуэу щапхъэ зэрыльагъуэхэр диІэщ.

- Зи гугъу пщІыр зэрыщІыту экономикэр арауэ къыщІэкІынщ - бюджетым хохьэу, щІыхуэу ттепІа сом мелардхэм ттекІыжащ... Ауэ а псомкІэ ущыІэ и къыхуэхьыну, я псэукІэр дауэ ирагъэфІэкІуэну?

- Щ1ыху пыухыкІар зэрыпсэур, щэч хэмылъу, ельытащ мис а зи гугъу тІщІ макроэкономикэм, сыхуэй-сыхуэмейми, сэри ар хуэдэ бжьыфхэр ди псалъэмакъым кьыщызэпсэфынри уэрэд хьунущ. Дауэ жыІэмыІэми, егъэджэныгъэм, медицинэм я Іуэхутхьбзэхэр дэтхэнэми кьинъэсэбэпыфу зэрыщІытыр, дэтхэнэми щІыхуэфащэм и дуней пенсэ кьыІэзэрыратыр, гьуэгуфІкэр щІыныр, уэздыгъэхэр фІэдзэныр, щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэхэр зэтегъэувэныр, пыухыкІаІэуэ щІыхум и гъащІэм мыхьэнэщхуэ щызиІэ нэгъуэщІ куэдри кьыхуэщ макроэкономикэм и щытыкІэм теухуауэ я бжьыгъэхэм. А бжьыгъэхэр щэч кьызытумыхьэнщ икІи абкъм кьагъэзытаГъуэ нужьрей илъэсищым кьрифыдзэу республикэм и бюджетыр хэзгитІрэ ныкъуэкІэ - сом мелардри 8-м щІыщІэдзауэ сом мелард 19-м нэсу - зэрыхэхъуар. Абы кьыдэкІуэу федеральнэ бюджетым кьыхэкІыну республикэ бюджетым кьыІэрыхьэ ахъшэр процент 72-м и пІэкІэ процент 56-м нэсу кьехъащ; валовэ щІыналъэ продуктыр сом мелард 30-м кьыщетъэжьауэ сом мелард 54-м нэсащ, инвестицэхэр сом мелардихьм щегъэжьауэ сом мелард 16-м нэблагъэу хэхъуащ. 2005 гъэм ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом мелардри 3,9-рэ и уасэ зэфІагъэкІамэ, 2008 гъэм а Іэнатім сом мелардри 5,8-рэ кьыщагъэсэбэпащ. 2005 гъэм елъытауэ кьаплъагъэ, щ1ыху 1000-м тещІыхьауэ кьаплъуагъэр процент 13,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ, лІэхэм я бжьыгъэмэ кІэрыхуащ. Туристу илъэсищ ящэкІэ ди деж щ1ыху минри 108-рэ илъэсым къэрыибудыжь къакІуэу щытамэ, иджы ди деж щІыхьэщІэхэр минри 120-м нэблагъащ. А псомэ кьадэкІуэу кьыхэхъэщІапІэ щІыхуэ лэжьапІэнщІэхэр я бжьыгъэр щІыху минри 35-м кьышегъэжьауэ щІыху минри 31-м нэсу зэрехар, ику итУ ятУ лэжьапщІэм хуэдитІкІэ - сом минри 4,5-м щегъэжьауэ сом минри 9-м нэсу - зэрыхэхъуар. Псалъэм кьыдэкІуэу жьысІэнщи, лэжьапщІэмкІэ щІыхуэ щІыхэтрихьэр зэхэмыгъэххэщ, ари кьхэзыгъэхъуэр бюджетым щІымыщ Іуэхущ1апІэхэрщ. КІэщІу жьыпІэмэ, экономикэ и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, дэ Ипщэ федеральнэ округым щІынэхьыфІ дыдэхэм дащІымыщим, илъэсищ ящэкІэ хуэдэу дыкъакІэщІэрыхуркъым, курытыфІу декІуэкІыну къэлыытапхъэщ.

(ИІуэхур 2-нэ пап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и суэгъэтыр къэхъыным техуэауэ екІуэкІа «Мамырыгъэ. Зэгурыуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» урысейпсо фестивалым и Гранприр «Волгоград» ГТРК-м и журналист Губановэ Еленэ ираТащ.

ФЕСТИВАЛЫМ и саугъэт нэхъыщхьэ «Дыщэ налыр», телебашням и теплъэм дыщэ налыр щхьэщыту ящІар, «Полковник Салимовым и мамырыгъэ зауэ» лэжьыгъэм папщІэ а бзыльхугъэм хуагъэфэщащ.

ВГТРК-м зауэ хуэлухуэщІэхэм тепсэльыхь и журналист Сладков Александр зи унафэщІ кьэпщытакІуэ гупым апхуэдэу зэхагъэкІащ «Дыжьын нал» саугъэтэхэр зыхуагъэфэщащэри. Абыхэм ящыщ зыр кьихьащ «Кавказыр - псоми ди зэхуэдэ унящ унэтІыныгъэмкІэ кьыхэжаныкІа, «Кабардино-Балкарие» ГТРК-м щыщ журналист ЛІуп Альбинэ - гъущІым елэжь Іэпщ1эльапщІэ Паз Александр триухуа нэтІыным папщІэ. «Кабардино-Балкарие» ГТРК-м и спецкорреспондент Джаду Зауэр фестивалым и дипломыр ираТащ.

«Кавказым щыпсэу льэпкъхэм ящыщ» унэтІыныгъэм щытекІуэщ «Поморье» ГТРК-р, «Тельыджэр ГъуэнэгъуЕ» номинацэм бжьыгъэр щитубыдащ «Дон-ТР»-м (Дон Іуфэ Іус Ростов), «КъэувыІэ, напІэдэхьеиГъуэ» унэтІыныгъэм кьыхэжаныкІащ «Удмуртия» ГТРК-р.

Апхуэдэу «Дыжьын нал» саугъэтыр «Микрофон хуит», «Стенд-ап нэхъыфІ унэтІыныгъэхэмкІэ кьахьащ «Оренбург», «Алания» ГТРК-хэм.

Фигу кьэдгъэкІыжьищи, жэпуэгъуэм и 3 - 5 махуэхэм Налпык щекІуэкІащ телевизионнэ хъыбарыщІэ нэтынхэмкІэ етІуанэ урысейпсо фестивальэ. Абы хэтащ ВГТРК-м и кьудамэу Урысей Федерацэм и федеральнэ щІыналъыблым щыІэ телекомпаниехэм я журналистэ 50-м щІигъу.

Фестивалыр жэпуэгъуэм и 4-м «Кхъужьей хадэ» санаторэм кьыщызэІуахащ.

Зэхьэзэхуэм хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым щыгъэдэкІыну захуитъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьудэзэ, фестивалым и оргкомитетым и гущІэ **Дыщэкі Мадинэ:**

- Иджы етІуанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ дахэм щокІуэкІ «Мамырыгъэ. Зэгурыуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» кьыхуэдэжьэ зыщыгугъыр фэрщ, ауэ нэхъыбэрэ телевизорым щІытлъагъур пцІыр зи лъабжьуэ зэхагъэува, щІэпхъабжащІэхэр лІыхъужьу кьащагъэлІагъуэ нэтынхэрщ. Апхуэдэ щытыкІэр фхъуэжыну ф Іэмал фиІэщ, кьытщІэхъуэ щІэблэм щапхъэ зытрах хьун, къэралым и лІыхъужь нэсхэм, ар зэрыгушхуэ и цІыху щэджащэхэм, пщІэрэ щІыхьрэ къэзылэжьахэм ятеухуа нэтынхэр вгъэхьэзыр. Урысейм и щІыналъэ псоми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрри нобэ зыужьыныгъэ гъуэгум жьыджэру ирокІуэ, икІи фэри фи зэфІэкІэ а хэгъэуэгум евгъэгъуэтыну имиджым куэдкІэ елытащ абы адэкІэ ичыну лъэбакъуэщІэхэр зыхуэдэнур. Телеформым хэтхэр, къэралым и журналист псори кьыхуэзджэ зэгурыІуэу зэдэлэжьэну, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ дэ псори дызыхущІэкъуэ екъулІэныгъэр зэрызэхэлъыжьыр дэтхэнэ зы цІыхуми и ІуэхущІафэ дахэхэмкІэщ. Журналист лэжьыгъэ нэхъыфІ зыгъэльагъуэм иратыну саугъэт нэхъыщхьэм и дамыгъэр налщ. Ди яп1 ятА нэхъыкьыфІкэм абы екъулІэныгъэрэ насыпрэ кьыщІэкІуэу кьалъытэу кьокІуэкІ. Си гугъэщ фэри дяпэкІи ахэр сытым дежи гъащІэм кьыщІвдзэгъуэгурыкІуэну».

Фестивалым хэтахэр КъБР-м и Прохладнэ, Аруан куейхэм щыІащ, конькёк щащІ заводыр зрагъэлъэгъуащ, Псынабэ кьуажэр кьыззэрыунэхуэр ильэс 80 зэрырикъур щагъэльапІэ махуэшхуэм хэтащ. Фестивалым и иужьрей махуэм абыхэм Налпык кьыщащІ кьаІащ, апхуэдэуи КъБР-м и кьалащхьэм и щІыпІэ дахэ псори хуиту щыпІащІу «Сосрыкъуэ» рестораным и зыпІлъыхьыпІэ утми дэкІащ.

МЕЧИЕВ Асхьэт.

«2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджетщ) зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым едгъуауэ икІи тепсэльыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ планым и бжьыгъэхэр хэхъуэхэмкІэ сом мин 13339517,3-кІэ е процентри 100,4-кІэ, хэщІхэмкІэ сом мин 12984944,6-кІэ е процент 93,3-кІэ зэрагъэзэщІар. Федеральнэ бюджетым щыщ финанс дэІэпыкъуныгъэр хэмыту, республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мин 43119363,1-рэ е процентри 102,3-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал щІыхуэр 2008 гъэм щІышІылэм и 1-м ирихьэлІэу сом мин 118286,1-рэ хъуэу щытащ.

А псомэ япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэуванэ:

1) «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр щигъэхьэзырКІэ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ» ирагъэкІуэкІа утыку псалъэмакъым хиубыдэу кьыхалъхьа Іуэхуэр, ныкъусанигъэу къагъэлъэгъуахэр зэрыщІытыр кьилъытэну;

2) налог къызыпыкІ Іэнатім зригъэубгъун папщІэ цІыхуэр хэІущІыІу ямыщІу зэрагъэлажьэр кьимыгъэхъуну, хэщІныгъэ кьэзыкъ предприятэ инхэмрэ предприятэ курытхэмрэ фейдэ къату зэтеувэжьын папщІэ абыхэм ядэлэжьэну;

3) подряд организацэхэм ятелъ кредитор щІыхуэр япшыныжьынІыр кьызэригъэпэщыну;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм къриубыдэу щІыпІэ предприятэхэм ящІыщу мы зэманым банкрот Іуэхуэм хэтхэм я финанс зэфІэкІхэр зэтегъэувэжьнымкІэ щІыпІэ хэкІыпІэхэр кьигъэутыну;

5) бюджетым и ахъшэм и унафэщІ нэхъыщхьэхэм бюджет ахъшэр зэблэгъэкІынымкІэ кьызэзыгъэпэщхэм, ар зыІэрыхьэхэм республикэ бюджетым и ахъшэр нэгъэсауэ къагъэсэбэпынымрэ кьызэригъэпэщыну;

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, бюджетым и ахъшэм и унафэщІ нэхъыщхьэхэм яхуэгъэуванэ, республикэ бюджетым и мылькур и пІалъэм ирегъэубыдэу къэгъэсэбэпынымрэ кьызэрагъэпэщын папщІэ, бюджет ахъшэр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху псори и зэманым къриубыдэу зэфІагъэкІыну.

5. Федеральнэ налог Іэнатім и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын:

налогхэмрэ республикэ бюджетым, щІыпІэ бюджетхэм хальхьэ адрей ахъшэхэмкІэ щІыхуэхэр егъэпшынынымкІэ хуэгъэза Іуэхуэр зэфІигъэкІыну;

мэкъумэш лэжьыгъэм и субсидиэхэр кьимыгъэхъуэрытетыр, иригъэфІэкІуэну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльыну хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Б ЕЧЕЛОВ Ильяс.

Налшык къалэ
2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м
№1487-П-П

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм фокІадэм и 16-м *№216-1-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм **унафэ ещІ:**

1. «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым зэрэзэхэщар теухуауэ икІи ар хэпльэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын.

2. Мы законопроектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхилъхьэну икІи мы Іуэхум щыхэпльакІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и официальнэ лІыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр Бышэн А. А. игъэувыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым елъэІун.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ЯРИН Андрей

«Дыщэ налыр» Индыл макІуэ

Губановэ Еленэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Гранприр ираТащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Дыщэ налыр

Индыл макІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

● ЖКХ

Ахъшэр яІэрохьэ

«ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щыгъэзекІуэкІ реформэхэр дэІыгъыныкІэ фонд» къэрал корпорацэм фэтэр куэдкІэ зунэхэр зэгъэпэщыжыным, жьы хуэдэм щІэсхэр гъэІэпхъуэным тещІыхьа федерал программэм хухиха мылъкум щыщу ящэ сом мелуан 16-р управляющэ компаниехэмрэ (УК) псэупІэр зейхэм я зэгухьэныгъэхэмрэ (ТСЖ) яІэрыхьащ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьищи, капитальнэ ремонтым папщІэ Налпык къэрата сом мелуани 136-р илъэсыр икІыуэ кьагъэсэбэпын хуейщ. Ар зыхалъхьэнур я псэупІэхэр зэзыхьэну дзыхь зыгуащІэкІэ зыгъэбелджылыжьыну. Сэ текІуэдэнум щхьэщытыкІыпхъэ процентри 5-р зэхуэзыхьэсахэм, зыхуей тхылъ псори зыгъэхьэзырахэм я кьэрохьэ.

Нобэ зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щагъэзекІуэкІ фэтэр куэд хъу унэ 12-м. Ахъшэр яІэрыхьащ Фондым кьигъэувэкІ псом япэ зыгъэзэщІа «Уют», «Гарант», «Мост-1», «Гранит» зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщІхэми.

ГъащІэгъуэнгъ нэхъ ежьуІэныгъэ зиІэ управляющэ организацэхэм деж, УК-р мыхьуу, ТСЖ-р зэрыщыхэхьибэр. Налшык къалэ администрацэм зэгъэуІуныгъэ пэмыжьэмрэ ЖКХ-р реформэ щІыныкІэ и кьудамэм и унафэщІ Бейцыкіу Къэралбий кьызэрилъытэмкІэ, псом япэу ар ехьэлІащ илъэс куэд хьуауэ зэн зэтетым кьащыдэпэсэу унафэщІым дзыхь иэхьыбэ зэрыхущІым. Зэуэ зэн зыбжанэ зезыхьэ управляющэ компаниехэм я Іэтащхьэхэм я пщэрылъхэм нэхъ-рэ абыхэм яйр нэхъ мащІэщ. АпхуэдизкІэ админ-истрацэм нэхъ жьыджэру ядолажьэ, зэгъэуІуныгъэ Іуэхухэмрэ ЖКХ-р реформэ щІыныкІэ кьудамэм и Іэщ1агъэпІэхэм щІэхьэщІэхэуорэ яхуозэ, иочэнджэщ.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ,
«Налык» къалэ газетым и редактор нэхъыщхьэ.

Яп1э дыдэу

Дыгъуасэ УФ-м и Президентыр яп1э дыдэу къэпсэльащ езым и сайтымкІэ. Абы и видеоблокыр зытеухуауэ щытар дунейм щызэфІэуна финанс щІыныкІэрщ.

- Сэ нэхъапэм мыхъ-мытІэу жысІащ иджырей экономикэм и финансхэмэ я хуэхэІэр зэманым ауэ жыжьэуи кьызэрымызэгъыжьыр, - къыхигъэщхьэхуэкІащ Урысейм и Іэтащхьэ. - Ар хуабжьу зэхъуэжьыныгъэхэм хуэхуэщ. Сэ жэпуэгъуэм и 8-м Франджым сыкъызыщІэпсэльэну зэІуащІэм апхуэдэ жэрдэмхэр кьыщыхэсхьхьэнущ. Дунейм и Іуэхухэр зыхуэхэІэнур зы къэралым ельытагъуэ щытын хуейкъым. Финанс кризисым псори зэгъэусу дыпэщІэуэзэн хуейщ. Арыншауэ абы дыкъыхэкІыныкъым.

Къыргъызыр мэщыгъуэ

Дыгъуасэ Къыргызыым щахуэщыгъуащ иджы дыдэ щІыналъэм щІыр зэрыщыхьаем зи гъащІэр ихьхьэм я Іыхьлъэщхэр благъэхьэмэ. Псори зэхэту насыпыншагъэм хэхуэдащ щІыху 74-рэ (ягъэтэмэма бжьыгъэхэм ятещІыхьауэ). Ди жьгуэ зэрыхьэщыи, абыхэм сабий 41-р яхэтщ.

Урысейр дОэпэкъу кьулейсызыгъэ кьызылъыса республикэм. Дыгъуасэ, Москва и Раменское аэродромым тельъыкІри, Бишкек кІуащ Ил-62 кьыхьылъатэр. Абы Къыргызым нигъэсащ ерыскъыхэхкІхэр, хущхьэхэр, хьэпшын зэмылІэужьыгъуэхэр.

Ющенкэ ятрекъуэз

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор къигъэуващ езым и «Ди Украинэ» партри хэту Радэ Нэхъыщхьэм коалицэ къышыІэзрагъэпэщыну.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ абы хуабжьу трикъуащ премьер-министр Тимошенкэ Юлие и блокым. НаІуэу зэрыщытщи, къэралым парламент хэхьынныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну зыри хуейкъым. Тимошенкэ Юлие яхэту.А хэхьныгъэхэм мылъкушхуэ текІуэдэнущ. Зи экономикэр мыщІагъуэ Украинэм ар кьытехьэлъэнущ.

ЩІыхуэм покІуэ

Суд приставхэм дыгъуасэ щІадзащ «Крас Эйр» авиакомпанием и мылъкур кьыхэтхьыкІын. Абы сом мелуан 750-м щІинтУ щІыхуэу кьытеувэну.

Псоми ящІэжу къыщІэкІынщ кхъухьлъатэхэм ирагъэхъуну фэтыджэн зэрамыІэм и зэранкІэ а Іуэхущ1апІэм щыщхьэ блокІам щыкІуэ щІыхуэ. КомпаниемкІэ щхьэхар. КомпаниемкІэ гъэсынпхъэ къезыщэ, Іуэхутхьбзэхэр кьыхуэзыщІэ аэропортхэм я щІыхуэзыщІ кьытехуащ. Иджы и мылъкуми кьыхихьу ар яритыжьын хуейщ.

(ИТАР-ТАСС).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и суэгъэтыр къэхъыным техуауэ екІуэкІа «Мамырыгъэ. Зэгурыуэныгъэ. Зэкъуэтыныгъэ» урысейпсо фестивалым и Гранприр «Волгоград» ГТРК-м и журналист Губановэ Еленэ ираТащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджетщ) зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым едгъуауэ икІи тепсэльыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ планым и бжьыгъэхэр хэхъуэхэмкІэ сом мин 13339517,3-кІэ е процентри 100,4-кІэ, хэщІхэмкІэ сом мин 12984944,6-кІэ е процент 93,3-кІэ зэрагъэзэщІар. Федеральнэ бюджетым щыщ финанс дэІэпыкъуныгъэр хэмыту, республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мин 43119363,1-рэ е процентри 102,3-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал щІыхуэр 2008 гъэм щІышІылэм и 1-м ирихьэлІэу сом мин 118286,1-рэ хъуэу щытащ.

А псомэ япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэуванэ:

1) «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр щигъэхьэзырКІэ «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ» ирагъэкІуэкІа утыку псалъэмакъым хиубыдэу кьыхалъхьа Іуэхуэр, ныкъусанигъэу къагъэлъэгъуахэр зэрыщІытыр кьилъытэну;

2) налог къызыпыкІ Іэнатім зригъэубгъун папщІэ цІыхуэр хэІущІыІу ямыщІу зэрагъэлажьэр кьимыгъэхъуну, хэщІныгъэ кьэзыкъ предприятэ инхэмрэ предприятэ курытхэмрэ фейдэ къату зэтеувэжьын папщІэ абыхэм ядэлэжьэну;

3) подряд организацэхэм ятелъ кредитор щІыхуэр япшыныжьынІыр кьызэригъэпэщыну;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм къриубыдэу щІыпІэ предприятэхэм ящІыщу мы зэманым банкрот Іуэхуэм хэтхэм я финанс зэфІэкІхэр зэтегъэувэжьнымкІэ щІыпІэ хэкІыпІэхэр кьигъэутыну;

5) бюджетым и ахъшэм и унафэщІ нэхъыщхьэхэм бюджет ахъшэр зэблэгъэкІынымкІэ кьызэзыгъэпэщхэм, ар зыІэрыхьэхэм республикэ бюджетым и ахъшэр нэгъэсауэ къагъэсэбэпынымрэ кьызэригъэпэщыну;

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, бюджетым и ахъшэм и унафэщІ нэхъыщхьэхэм яхуэгъэуванэ, республикэ бюджетым и мылькур и пІалъэм ирегъэубыдэу къэгъэсэбэпынымрэ кьызэрагъэпэщын папщІэ, бюджет ахъшэр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху псори и зэманым къриубыдэу зэфІагъэкІыну.

5. Федеральнэ налог Іэнатім и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын:

налогхэмрэ республикэ бюджетым, щІыпІэ бюджетхэм хальхьэ адрей ахъшэхэмкІэ щІыхуэхэр зэрыщІынымкІэ хуэгъэза Іуэхуэр зэфІигъэкІыну;

мэкъумэш лэжьыгъэм и субсидиэхэр кьимыгъэхъуэрытетыр, иригъэфІэкІуэну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльыну хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкі, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Б ЕЧЕЛОВ Ильяс.

Налшык къалэ
2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м
№1487-П-П

● Прохладнэ куей

Зыхуей-зыхуэфІэр кърат

«Егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэн» федерал программэм ипкъ иткІэ, Солдатскэ жылагъуэм дэт курыт еджапІэм 2008 гъэм къыхуаутІыпща сом мелуани 3-м щІигъум щыщу зы мелуанрэ ныкъуэр ремонт дэжьыгъэхэм трилъэгъуащ: бжэ-щхьэгъубжэхэр, инженер хуэІуэхуэщІэхэр, псы зрикІуэ бжьамийхэр, класс пэшхэр къэзыгъэпІэ батарейхэр щІэкІэ зэрахъуэкІащ, щхапІэм электрокъарукІэ лажь хьэку ин щІагъэуващ.

МЫ МАХУЭЖЭМ къаІэрыхьащ дерсхэр кууу тынымкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ мультимедийнэ зыхуэй-зыхуэфІхэр, магнит тетхапІэ пхъэбгъуэр (дискахэр). Мыгувэу сом мин 400-м нэс и уасэ уэнэльащІэхэмрэ зхьэпшапхэмрэ кьаІэрыхьэнущ. Абы хеубыдэ егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ папщІэ иджырей сІолхэмрэ щэнтхэмрэ. Щіколым и компьютер класситІм папщІэ компьютеру 42-рэ кьахуэкІуэн хуейти, техникэм и нькъуэр кьаІэрыхьащ, адрейхэр жэпуэгъуэм и кІэхэм ясІэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ТхьлтъыщІэ

«Бжьыхьэ удж»

Апхуэдэ фІыщыгъэм щІэту «Іуащхьэмахуэ» тхьлъ тедзапІэм кьыщыдэжІащ усакІуэ Хьэту Петр и усэщІэхэр щызэхухьэса тхьлъ.

ПЕТР и Іэдакъэ кьыщІэкІащ гъащІэм и мыхьэнэм, гурыгу-гурыщІэ дахэм, псэм и кьулеигъэм кууу уэзыгъэзэгупсыс сатыр гукьинжэхэр. «Бжьыхьэ удж» тхьлъым ихуа усэхэр щІэжьыуэ дахэ зыщІэльа макъамээу зэгъэкІуащ. ПсоМ ящІэхэрщ, «Бжьыхьэ уджым» кьыщыгъэльэгъуащ гъащІэм и мыхьэнэр Іупщ1у кьызыгурыІуэ усакІуэр нобэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр. Апхуэдэщ «Гъатхэку», «Кьыскуэнэжьыр аращ», «Си нагъуэ», «ПщІащэпхъу» зыфІищащ усэхэр. Хьэту Петр и тхылъым ихуащ уэрэду тхаУ сабийхэм тыгъэ яхуищІа сатырхэр, лІэщІыгъуэгъэ зэблэкІыгъэм цІыхум кьыхуихьа гугъуехь-хэр, ижь-лъандэрэ адыгэхэм кьадэгъэгурыкІуа хабзэ дахэхэмрэ джэгукІэ гъэщІэгъуэнхэмрэ кьызыхэщ усэхэр. «Бжьыхьэ удж» усэ тхылъыр лъэныкъуэ куэдкІэ кьахуэсэбэпынчтщ адыгэ литературэм дихьэхХэми пэщІэдзэ классхэм щеджэ цІыкІухэмэ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Тхьэкіуэшынэр ягъэльапІэ

АДЫГЕЙ. *Жылагъуэдамыгъэхэмрэ тыгъэхэмкІэ Урысейпсо комитетым и унафэкІэ Адыгейм и Президент Тхьэкіуэшынэ Аслъэнджерий «Урысейм щІыхь зиІэ и гражданин» орденыр иджыблагъэ кьыхуаІэфэщащ.*

РЕСПЛИКЭМ и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьыззэритамкІэ, «Урысейм щІыхь зиІэ и гражданин» щІэ гъащІэр щыхуагъэфащэкІэ комитетым кьелытэ щІыхуэм щІыналъэм щиІэ пщІэр, иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр, экономикэм хуищІа хэпльхьэныгъэр, нэгъуэщІхэр.

«Фи Іэщ1агъэм, фи Іэщ1агъэм зыгъэрыхуэзІэжьым я фІыгъэщ нобэрей Урысей Федерацэр льэ быдэкІэ зэрыщытыр, абы зэрызыужь зэпытыр», - жиІащ Жылаг

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъэкIуэнум фIыкIэ сыщогуг

(КIуухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нат.).

Мис, псалъэм пащIэ, мы гъэр дэ доух цIыху мин 900 щыпсэу республикэм и бюджетыр сом мелард 19-м нэдгъэсауэ. Республикэ бюджетым къызэрыхэхъуэм и псынщIагъымкIэ дэ Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм кытлъэщIыхьэ яхэткъым, ику иту илъэс къэс бюджетыр процент 30-кIэ нэхьыбэ дощI. Мы Іуэхум сыщытепсэльыхькIэ, сэ сыт щыгъуи щапхъуэ кызохъ щIыху мелуанитф 5 зыщ Краснодар крайм и бюджетыр сом мелард 80 фIэкI зэрымыхъур. Ауэ абы къикIыркъым дэ ди Іэр зэтедзэу дыгIысыжьын хуейуэ. Зы щIыхум тещIыхьауэ бюджет ахъшIуэ хуэзэмкIи ди республикэр япэ ит щхьэкIэ, инвестицэхэр кызэщIэзгъэIуэнымкIэ дэ нэрылъагъуу дыкъыкIэроху ику ягу къэралым щыIэ бжыгъэхэм - зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэ псоми хуэдэу, ди республикэми инвестицэхэр кыхъегъэлъхьанкI икъуэкI гугъуехыгъуу йокIуэкI. Абы кыихэкIы дэ ми ІэнатIэм гулытэ хэха хуэдмыщIу хьунукъым.

Сэ нэгъэсауэ арэзы сыкъащIыркъым экономикэм зэрыхэхъуэ, цIыхуэхэм я псэукIэр зэрефIакIуэ псынщIагъхэм, кытпэщыт кьалэнхэр дэгъэкIыным дыхэзрыпэлъэщым. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ дэ дэмыльытауэ щыIэ щхьэусыгъуэ куэдым я гугъу сщIынкъым, ауэ пыухыкIауэ жыгIэнщи, республикэм и Правительствэм, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым ис щIыху псоми драгъуэгъуэ карууэ диIэр идохьэлIэ республикэм и сэбэн зыхэль Іуэхухэр дэгъэкIыным. А лэжьыгъэ инхэр тэмэму етхъкI нэужькым, щэч лъэпкъ хэмылъу, хэрыщыту Урысейм хуэдэу, ди республикэми екъулIэныгъэ инхэр кьыхуэхьынщ.

- ДызыхуэкIэ нлъэсым ди экономикэм сыт хуэдэ зыужьынныгъэ иIэну фыщытхъунрэ?

- 2009 гъэм и бюджетыр мы зэманым зэхэлъхьэн, яух. ЗэкIэ къызэралытэмкIэ, ар сом мелард 24-рэ хьунущ икIи 2008 гъэм елъытауэ процент 30-кIэ нэхьыбэнщ. Дэ дызыхуэхкIуэ илъэсми ухуэнныгъэр къэдгъэIэхьэнукъым, абы хиубыдэу псэупIэхэр щIыным гулытэ хэха игъуэтынущ. Фигу къэзгъэкIыжынщ, нужьрей илъэс 15-20-м къэмыхьауэ, республикэм зэуэ объект 76-рэ щIынным зэрыщIэхьар, абыхэм ящыщу уухэнныгъэ 36-р нэгъабэ хьэзыр зэрыхъуар. Илъэсым щыщу бгъкIа зэманым аргуэру уухэнныгъэ 27-рэ зэфIагъэхьащ, мы гъэр иухыу лажьэу ягтIыпшынуэхэри 23-рэ мэхъу.

2009 гъэм бюджет ІэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм зыкъомкIэ хагъэхьэнущ. Гулытэ хэха хуэщIынущ цIыхур псэун папщIэ нэхъ машIэ дыдэу зыхуейм хуэдизкъ ы зы I э р ы м ы х ъ э I ЭщIагъэхэм прилажьэхэм. Апхуэдэу промышленностым и ІэнатIэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным тещIыхьа республикэ программэхэр гъэзэщIэныр и лъабжьэу экономикэм мылъку зэкIэлъежьэ, и ІэнатIэхэм зедгъэужьыфыну догугъэ. Ар дызэрыт илъэсми къэкIуну гъэхэми гулытэ хэха зыхэтщIыпхъэ Іуэхухэм ящыщу. Апхуэдэу ди мурадыр ахъщэ Налшык кьалэм кьегъэщIылIауэ промышленностым хуэхэха щIыналъэ щхьэхуэ кьащIыгъэгъэпсыныр, щэкI щIыз Іуащэ фабрикэ, нэгъэщIэ ІэнатIэ зыбжанз кьыгъэIухьныр. Псори зэхэту программэхэр зыгъэщIы-хьа илъэсищ къэкIуэнум къриубыдэу инвестицэ проекту 35-рэ хуэдизу дгъэзэщIэну икIи абыхэм хиубыдэу лэжьапIэ ІэнатIэщIэу 3000 къыздэгъэпэщыну дгъэгугъэщ. Апхуэдэу нэхъ кьыгъэщIэрыуэнущ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьынныгъэмкIэ и комиссэм и лэжьыгъэри. ИкIи а псоми я фIыщIэкIэ зэман къэкIуэнум республикэм и сэбэн зыхэлъхэр зэкIэлъыкIуэу зыгъэщIы-хьэ щхьэусыгъуэ щIыпхъэ хуэдизкъ ІэнатIэщIэ дыжьынуэ, щэкI щIыз Іуащэ фабрикэ, нэгъэщIэ ІэнатIэ зыбжанз кьыгъэIухьныр. Псори зэхэту программэхэр зыгъэщIы-хьа илъэсищ къэкIуэнум къриубыдэу инвестицэ проекту 35-рэ хуэдизу дгъэзэщIэну икIи абыхэм хиубыдэу лэжьапIэ ІэнатIэщIэу 3000 къыздэгъэпэщыну дгъэгугъэщ. Апхуэдэу нэхъ къыгъэщIэрыуэнущ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьынныгъэмкIэ и комиссэм и лэжьыгъэри. ИкIи а псоми я фIыщIэкIэ зэман къэкIуэнум республикэм и сэбэн зыхэлъхэр зэкIэлъыкIуэу д

Шэрджэсымрэ Кърым хъаныгъуэмрэ

● Тхыдэм и лъагъуэкэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр №195-м итщ.)

Зи гугъу тщІа Фундуклу итхыгъар дыбэзыщынкым: «Къаплъэн - Джэрий хуэзипщІкІэ хиІэзэхуэну хэтащ шэрджэсхэм кьатын хуея кьуэдыр. ЩІалэрэ хъыджэбзу минищ Кърымым Іэрыхьэн хуейуэ кьигъуэват. Шэрджэс эмирэкэр, зэчэнджэщри, арэзы техьуакьым кьыгралъхьа кьалэныщІэм, «ар тхуэмыІэтын хьэлъэщ»- жаІэри. Апхуэдэу щыхьум, Къаплъэн-Джэрий и дзэхэр Къэбэрдейм иришэри, ауэ гуэрым щитІысыкІащ, ефэешхэу, зыхуей псори кьыззэрехьулІэнум щэч кьыгримыхьэу. Зыри зыпэмыплъа кьэхъуащ: жэщыбгым шэрджэсхэр лъэныкьуэ зыбжанэкІэ кьыщыхутащ, тэтэрхэм кьатеуэри, зэхуэбгъэжьащ».

Къэнжал зауэм зыубгъуауэ тетхыхьащ тырку тхыдэтх Рашид-ефэндыри. Тхылъ щхьжуэ 1903 гъэм Тифлис кьыщыдэкІауэ щытащ, «Предание о свержении кабардинцами ига крымских татар» и цІэу.

1720 гъэм, Къаплъэн-Джэрий хуэзэфІэмыкІар зригъэхьулІэну и мураду, Къэбэрдейм кьихьат, кьрым дзэшхэм и пашэу, щІэуэ ягъэуВа хъан Саадэт-Джэрий хъаныр. Абыи кьыщыщІащ хьдэгъуэдахэ - гъэр ящІри, иужькІэ и тахьтэми кьрадзащ. Ар хэтащ нэхъ гуащІэжу адыгэхэм яхущытыныр: кІуэдыуэ (гъэру) щІалэгъуэалэу минилІ адыгэхэм ятриудыны. Абы и мурадх эри кьэхъулІакьым.

Зи гугъу тщІа кьэхъугъэри щІихьэт тохьуэ Къэнжал зауэм и уэжьыІэ Къэбэрдеим кьиткьэну кьрым хъанхэм зыкъомрэ (илъэс 12-кІэ) гукъыдэж эзрамыщІыжам, адыгэхэри хамэ дзэзешэхэм я жьІэм зэремыдэІуэжам, я лъаэхэр яхъумэжыным нэхъри хуэзэщІэуэща мыхьуми.

Кьарукъэ адыгэхэр кьагъэІуригъэІэн щахуэзэфІэмыкІым, тырку сультІанхэмрэ кьрым хъанхэмрэ нэхъыбэу кьагъэсэбэну щІадзащ хьэгъэщагъэ зэмылІэужьыигъуэхэр - Іупхьэхэр, бзэгу зехьэныр, пщыхэр зэуштыныр, зэгъэныкъуэкъуныр, зэгъэзэуэныр. Абыхэм яхуэзэфІэкІащ адыгэпщхэр Іэныкьматіу (Тырку) щІыкІ Кърымымрэ и тельхьэхэмрэ Урысейм кьуэувэныр нэхъ кьэзыщтэхэмрэ) зэпэщІагъэувэныр, зэгъэгъэныкъуэкъуныр, зэгъагъэбгиныр, уеблэмэ, адыгэхэмрэ абыхэм я гъэпсыкІагъэ лъэпкъхэмрэ я зэхуакІуэ кьаифгъэ мыщхьэпэхэр кьыдалъхьэныр.

Адыгэхэм кьаХэтІысхьа Джэрийхэр

ЧИНГИС-ХЪАН и лІэужьхэр, кІуэ пэтми багъуэурэ, щІыпІэ куэдым (Урысейм, Польшэм, Литвам, нэгъуэщІхэми) щыІэхьат, я Іуэхуэкъ нэ хъыщикІыну зыхуагъэзэфащІа щІыналъэхэм Іэпхъуэурэ.

Мухьэмэд-Джэрий Езанэм, щІэрыщІэу хъаныгъуэр кьыщылІысыжам, мурад ящІат и ныкІэуэкьуэгъу Чобан-Джэрийхэр кьаІэ щыІэ зэриукІэну. Ар кьыщащІэм, а унагъуэм щыщу Кърымым иса псоми я щхьэхэр ирахьэлІащ абазэхэмрэ щэрджэсхэмрэ я деж. А щхьэусыгъуэ дыдэм кьыхэкІыу адыгэхэм яхэсхьныр езыгъэхэм нэхъ кьыззэращтэр кьалытэу, я гугъу кьыззэрамыщІыжам.

Мызэ-мытІэу кьэхъурт адыгэхэр зыльагъу мыхьуу, бэлыхь Іэджэм хэзыгъэту щытэ Джэрийхэр ди лъэпкъэгъуэхэм щызэрашалІэ, абыхэм псэупІэрэ ерыскъыкІэ щадэІэпыкъу.

Шэрджэсыр лъахэщІэ зыхуэхьуа Джэрийхэм адыгэхэр «хъаныкьуэкІэ» еджэрт. Ахэр пщІэ зыхуэщІыпхъэ пщыхэм хуагъаджэрт, жылагъуэ е пщылІхэр ямыІэми. Нэхъыбэу Джэрийхэм благъэ зыхуащІыр кьухъэпІэ лъэныкьуэм- кІэ щыІэ адыгэпщхэрт. Псалъэм папщІэ, нэгъуэщІ мырзэхэрт, щапсыгъ Мэгъухъуэрхэрт, бжьэдыгъуАхэджакьуэхэрт. Джэрийх эр тІэкІу-тІэкІу урэ унагъуэщІэм хуэкІуэжащ.

Щыгъуаэз фахуэтщІынщ Джэрийхэм, адыгэ щыналъэр псэупІэ зыщІахэм ящыщу зыкъомым я гъащІэм, псэукІэу, Іу зхуащІафэу яІахэм.

